

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar lima hal anu patali jeung métode panalungtikan, nyaéta sumber data, desain panalungtikan, wangenan operasional, métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.

3.1 Sumber Data


Nu dimaksud sumber data dina panalungtikan nyaéta ti mana asalna subjék data ditalungtik (Arikunto, 2006: 129).

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh frasa diréktif dina novél *Buron* karya Aam Amilia nu kandelna 159 kaca, ukuran bukuna nyaéta 17,6 cm x 11,8 cm x 0,8 cm. Novél *Buron* karya Aam Amilia mibanda 12 episode, medal munggaran ku Pustaka Dasentra: Bandung, citakan kahiji taun 1983, pindo citak ku Pustaka Amaldi, Citakan kadua taun 2006. Sakabéh frasa diréktif tina éta novél dijadikeun populasi, sakabéh populasi dijadikeun sampel. Jadi, ieu panalungtikan ngagunakeun sampel total.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan disusun dumasar kana léngkah-léngkah (1) nangtukeun masalah, (2) studi pendahuluan, (3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, (4) ngarumuskeun anggapan dasar, (5) nangtukeun sumber data, (6) nangtukeun jeung nyusun instrumén, (7) ngumpulkeun data, (8) nganalisis data, (9) nyieun kacindekan, jeung nyusun laporan (Arikunto, 2006:22-

23). Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah panalungtikan digambarkeun dina ieu bagan di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif. Méthode mangrupa cara utama anu digunakeun pikeun ngahontal hiji tujuan kalawan ngagunakeun téhnik sarta alat-alat nu tangtu. Numutkeun daérah panalungtikan, panalungtikan bisa dikelompokeun kana lima kelompok umum nyaéta métode sejarah, métode déskriptif, métodé ékspériméntal, métode grounded research, métode penelitian tindakan.

Nurutkeun Nazir (2003: 63) panalungtikan déskriptif nalungtik ngeunaan masalah masarakat, sarta tata cara nu dipaké dina masarakat sarta kaayaan-kaayaan nu tangtu, kaasup ngeunaan hubungan, kagiatan-kagiatan, sikep, prosés nu lumangsung jeung pangaruh-pengaruh dina hiji penoména. Dina métode

déskriptif, panalungtik bisa ngabandingkeun penoména-penoména nu tangtu nepi ka mangrupa hiji studi komparatif. Kadang-kadang panalungtik ngayakeun klasifikasi sarta panalungtikan ngeunaan penoména-penoména ku cara netepkeun hiji standar atawa norma nu tangtu, nepi ka loba ahli nu nyaruakeun métode déskriptif jeung survey normatip.

Data anu didéskripsikeun téh nyaéta sakabéh frasa diréktif nu kapanggih dina novél *Buron* karya Aam Amilia

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré, panalungtik perlu ngébréhkeun wangenan-wangenan operasional nu patali jeung judul panalungtikan.

- 1) Frasa diréktif nyaéta frasa anu diwangun ku pananda (diréktor; relator) dituturkeun ku tinanda (sumbu, aksis). Pananda dina frasa diréktif umumna kecap pangantét. Aksisna mangrupa kecap atawa nominal, verbal, adjectival, jeung numeral (Kuswari, 2010: 16). Frasa diréktif anu ditalungtik dina novél *Buron* nyaéta frasa anu dianalisis tina (sumbu) aksisna.
- 2) Novél nyaéta caritaan rékaan anu méré kesan lir enya-nya kajadian tur ukuranana panjang. Kajadian, pasipatan jeung paripolah palakuna nu dicaritakeun ogé leuwih loba. Dina ieu panalungtikan nganalisis novél *Buron* karya Aam Amilia.
- 3) Bahan Pangajaran
Bahan pangajaran nyaéta sajumlahing matéri anu baris ditepikeun ka siswa dina kagiatan diajar ngajar (Sudjana, 1982: 36). Bahan ajar anu diajukeun nyaéta pikeun bahan ajar basa Sunda di SMA.

4) Tilikan Struktur

Tilikan struktur dina ieu panalungtikan ngagambarkeun pola-pola atawa adegan tipe frasa diréktif disawang tina hubungan pananda jeung aksis.

5) Tilikan Semantis

Tilikan Semantis dina ieu panalungtikan nyaéta tatali harti antarunsur pananda jeung sumbu dina frasa diréktif.

Dumasar kana wangenan operasional di luhur, anu dimaksud ku frasa diréktif dina novél *Buron* karya Aam Amilia pikeun bahan ajar basa Sunda di SMA (tilikan struktur jeung semantis) nyaéta déskripsi ngeunaan struktur, wanda jeung tatali harti frasa diréktif tina novél *Buron* sarta rarancang bahan pangajaranana pikeun murid SMA.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Dina prak-prakna nganalisis data, instrumén anu digunakeun nyaéta sistem korpus atawa kartu data. Carana ku jalan nyalin deui frasa-frasa diréktif anu kapanggih tina novél *Buron*, dilengkepan kode novél, kaca jeung padalisan tempat dicokotna éta frasa, nyirian frasa diréktif maké gurat handap.

Ieu di handap conto kartu data:

Tabel 3.2
Kartu Data

KARTU DATA	
Kode	: (B/5/11)
Kalimah	: barudak keur maledogan ka luhur
Frasa diréktif	: ka luhur
Adegan frasa	: KPang + KB
Harti	: nuduhkeun arah
Wanda aksis	: Kecap Barang Salancar

Keterangan :

B/5/11 = B (nyaéta kode novél *Buron*) / 5 (nyaéta kaca novél) / 11
(nyaéta padalisan dina novél)

KPang = Kecap Pangantét

KB = Kecap Barang

3.6 Téhnik Panalungtikan

Pikeun ngumpulkeun data ngeunaan frasa diréktif nu aya dina novél *Buron* digunakeun téhnik analisis téks atawa téhnik ulikan pustaka. Téhnik analisis téks digunakeun pikeun nganalisis ngeunaan gambaran frasa diréktif nu aya dina novél *Buron*. Ari téhnik ulikan pustaka mah digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun data frasa diréktif tina novél *Buron* nu jadi sumber datana.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan mangrupa salasihiji cara (prosedur) anu kudu digunakeun dina métode nu tangtu pikeun meunangkeun data. Sangkan tujuan anu dipiharep kahontal, téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik ulikan pustaka.

Ari léngkah-léngkah ngumpulkeun data tina sumber data saperti ieu di handap:

- 1) Nangtukeun sumber data anu mangrupa basa Sunda ragam tinulis nyaéta data frasa diréktif;
- 2) Maca jeung nyirian data;
- 3) Nuliskeun data anu kapilih dina kartu data, sakalian nangtukeun idéntitasna;
- 4) Milah-milah korpus dumasar kana ciri-ciri anu sarua;
- 5) Méré nomer korpus dina kartu data; jeung
- 6) Mindahkeun data tina kartu data kana tabél.

3.3.1 Téhnik Ngolah Data

Léngkah-léngkah ieu panalungtikan téh saperti ieu di handap:

- 1) Mariksa atawa niténan deui data anu geus dikumpulkeun;
- 2) Milah-milah frasa diréktif;
- 3) Ngitung perséntase frasa diréktif;
- 4) Nyieun kacindekan tina frasa diréktif anu ditalungtik; jeung
- 5) Nyusun bahan pangajaran frasa diréktif basa Sunda pikeun murid SMA.

